

**PAMAKEAN MODEL PROBLEM BASED LEARNING PIKEUN  
NGARONJATKEUN HASIL PANGAJARAN PESERTA DIDIK SUBTEMA  
KEBERSAMAAN DALAM KEBERAGAMAN**

**(Penelitian Tindakan Kelas Dina peserta didik kelas IV SDN Pamuncatan 01  
taun ajaran 2017/2018)**

**Ku**

**SANTI SOLIHAN  
145060172**

**ABSTRAK**

Panalungtikan boga tujuan pikeun ngaronjatkeun hasil pengajaran peserta didik dina subtema kebersamaan dalam keberagaman ngagunakeun model *Problem Based Learning*. Masalah anu lumangsung dina proses pangajaran kayaning kurang na minat jeung motivasi dina pangajaran, mere metoda anu kirang merenah ngahasilkeun dampak kana gorengna sikep paduli, sikep santun, pamahaman, kaahlian komunikasi jeung hasil diajar. Panalungtikan ieu ngagunakeun peta metode panalungtikan kelas (PTK) ngagunakeun desain panalungtikan ti arikunto. Panalungtikan ieu dilumangsungkeun dina 3 siklus anu diwangun ku opat hambalan nyaeta perencanaan, pelaksanaan, paniten jeung refleksi. Instrumen anu digunakeun dina panalungtikan ieu nyaeta paniten, tes, daptar tatanyaan jeng dokumentasi. Hasil panalungtikan ieu nunjukeun yen pamakean model *Problem Based Learning* bisa ngaronjateun hasil diajar murid. Kahiji ayana paningkatan dina sikep paduli dina siklus I ngahontal 40%. Siklus II ngahontal 69% jeung siklus III ngahontal 89%. Kadua ayana paningkatan dina sikep santun dina siklus I ngahontal 29%. Siklus II ngahontal 66% jeung siklus III ngahontal 86%. Katilu ayana paningkatan dina aspek pamahaman dina siklus I ngahontal 51%. Siklus II ngahontal 71% jeung siklus III ngahontal 89%. Kaopat ayana paningkatan dina aspek kaahlian komunikasi dina siklus I ngahontal 46%. Siklus II ngahontal 69% jeung siklus III ngahontal 83%. Kalima dirojong kuayana lks siklus I ngahontal 50%. Siklus II ngahontal 85% jeung siklus III ngahontal 100%. Panalungtikan ieu disimpulkeun yen pamakean model *Problem Based Learning* dina subtema kebersamaan dalam keberagaman di kelas IV SDN Pamuncatan 01 bisa ngaronjatkeun sikep paduli, sikep santun, pamahaman, keahlian komunikasi jeung dina diajar murid.

**Kecap Konci:** *Problem Based Learning*, Hasil diajar